

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan bò. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun ekspoze nan bò nan espas travay oswa lè yo itilize sèten pwodui konsomasyon. Si yon moun respire nivo modere bò sa ap irite nen li, gòj li, ak zye li. Si yon moun absòbe gwo kantite bò sa kapab lakòz domaj nan testikil li, nan entesten li, nan fwa li, nan ren li, ak nan sèvo li. Yo te jwenn bò nan omwen 164 sou 1,689 chantye nan Lis ki Gen Priorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa bò ye?

Bò se yon konpoze ki egziste nan lanati. Yo jwenn souvan melanje avèk lòt sibstans pou fòme konpoze ki rele borat. Konpoze borat komen yo gen ladan asid borik, sèl borat, ak oksid bò.

Yo itilize borat yo sitou pou pwodui vè. Yo itilize yo tou nan izòlman pou dife, endistri tanaj kui, pwodui kosmetik, materyèl fotografik, savon ak ajan netwayaj, epi pou konbistib ki gen anpil kalori. Kèk pestisid yo itilize pou kontwòl ravèt ak kèk pwodui pou konsève bwa gen borat tou.

Kisa k ap pase bò lè li antre nan anviwònman an?

- Bò soti nan sous natirèl tankou oseyan yo, vòlkan yo, ak vapè jewotèmik pou degaje nan anviwònman an.
- Bò degaje tou nan endistri ki itilize li.
- Bò pa kapab detwi nan anviwònman an. Li kapab chanje fòm li sèlman oswa li kapab vin tache oswa separe nan patikil ki nan tè, sediman, ak dlo.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan bò?

- Ou kapab ekspoze nan bò nan sa ou manje, sitou nan legim ak fwi.
- Bò repati anpil nan dlo sifas ak nan dlo anba tè.
- Li posib enpe pou piblik jeneral la ekspoze nan lè ki kontamine avèk bò.

- Si w ap travay nan eksplwatasyon min boraks ak izin rafinri ak nan kote yo fè asid borik.
- Si ou itilize pwodui konsomasyon ki genyen li, tankou pwodui kosmetik ak pwodui pou fè lesiv.

Kijan bò kapab afekte sante mwen?

Moun k ap travay nan espas travay ki pousyè kote y ap eksplwate ak trete borat te rapòte iritasyon nan nen yo, nan gòj yo, ak nan zye yo. Iritasyon an pa pèsiste pandan peryòd tan long apre yo te kite zòn ki gen pousyè a.

Si yon moun ekspoze nan gwo kantite bò (apeprè 30 gram asid borik) pandan peryòd tan ki kout sa kapab afekte lestomak li, entesten li, fwa li, ren li, ak sèvo li, epitou sa kapab pètèt lakòz li mouri.

Etid yo fè sou bèt endike ògàn repwodiksyon mal bèt yo, sitou testikil yo, afekte si mal bèt yo absòbe gwo kantite bò pandan peryòd tan ki kout oswa pandan peryòd tan ki long. Dòz ki te pwodui efè sa yo sou bèt yo pi plis pase 1,800 fwa pi wo pase kantite mwayen bò adilt yo absòbe pa jou nan manje nan popilasyon Etazini.

Kijan bò kapab lakòz kansè?

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services), Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè, ak EPA pa klase bò kòm yon sibstans ki kapab lakòz moun gen kansè.

Yon etid yo fè sou bèt te pa t jwenn prèv kansè apre bèt yo te ekspoze pandan lavi yo nan asid borik nan manje. Pa gen etid yo fè sou moun ki disponib.

Kijan bò kapab afekte timoun yo?

Gen posiblite pou timoun yo ta ka gen menm efè sou sante yo avèk adilt yo. Nou pa konnen si timoun yo diferan nan fason yo kapab gen efè bò.

Nou pa konnen si bò kapab lakòz malfòmasyon sou moun lè yo fèt. Yo te obsève ti gwosè nan nesans, malfòmasyon nan nesans, ak reta devlopmanal sou bèt ki te fèk fèt epi ki te gen manman yo ki te ekspoze nan bouch nan gwo dòz bò (tankou asid borik) pandan yo te plenn. Dòz ki te pwodui efè sa yo sou bèt ki te plenn yo pi plis pase 800 fwa pi wo pase kantite mwayen bò adilt yo absòbe pa jou nan manje nan popilasyon Etazini.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan bò?

- Fanmi yo ta dwe itilize pestisid ki gen konpoze bò dapre enstriksyon yo epitou fanmi yo ta dwe kite pestisid sa yo lwen timoun yo.
- Toujou konsève sibstans chimik kay yo nan bwat orijinal ki gen etikèt yo lwen jèn timoun yo pou pa kite yo anpwazonnen pa erè. Pa janm konsève sibstans chimik kay nan bwat timoun yo ta jwenn ki atire yo pou manje oswa pou bwè ladan yo, tankou boutèy soda.
- Timoun k ap viv toupre kote ki gen dechè ki gen bò ak konpoze bò gen chans pou yo ekspoze nan nivo bò ki pi wo pase nivo nòmal nan anviwònman an lè yo respire pousyè ki gen bò, lè yo manyen tè ki gen bò, ak lè yo manje tè ki kontamine. Yo ta dwe ankouraje timoun yo pou yo lave men yo souvan, sitou anvan yo manje.

Èske gen yon tè medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan bò?

Doktè kapab egzamine san ak pipi ou pou detèmine si ou te ekspoze twòp nan bò.

Tès sa yo kapab montre ou te ekspoze nan bò, nen yo pa kapab prevwa kalite efè ou ta genyen sou sante ou.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA detèmine lè yon timoun ekspoze nan bò nan dlo pou bwè nan konsantrasyon 4 ppm pandan 1 jou oswa 0.9 ppm pandan 10 jou yo pa prevwa sa ap lakòz okenn efè segondè sou timoun nan.

EPA detèmine si yon moun ekspoze pandan tout lavi li nan 1 ppm bò yo pa prevwa sa ap lakòz okenn efè segondè sou li.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Health and Safety Administration (OSHA)] limite kantite tan travayè yo ekspoze nan yon mwayèn 15 mg/m³ pou oksid bò nan lè a pou jounen travay 8 èdtan sou yon semèn travay 40 èdtan.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2007. Toxicological Profile for Boron (Draft for Public Comment). Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.